



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 14 me 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ÓGANIZE DEZYÈM SOMÈ TOURIS; OGMANTE ANGAJMAN SAN PARÈY POU
ENDISTRI TOURIS KAP DEVLOPE A**

***Nouvo inisyativ ki te anonse pral devlope sou siksè dènye somè sou touris epi kontinye pou pwomote
Eta New York kòm kapital touris nan mond lan***

***Piblikasyon Nouvo Kanpay Piblisite Touris ki prezante Ed Burns, Steve Buscemi, Billy Joel, Robert De
Niro, Michael Strahan, Meryl Streep and Vanessa Williams***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te òganize dezyèm somè touris nan Eta New York. Bati sou sipò san presedan ane pase, Gouvènè a te anonse angajman \$45 milyon dola eta pou pwomote touris nan tout eta, kreye travay, ak atire menm plis vizitè ankò nan Empire State. 50 Pousan ogmantasyon sa a nan finansman eta pandan ane pase bay New York youn nan pi gwo program touris ki finanse pa eta nan peyi a. Gouvènè a te egalman devwale yon nouvo kanpay piblisite touris ki prezante [Ed Burns](#), [Steve Buscemi](#), [Billy Joel](#), [Robert De Niro](#), [Michael Strahan](#), [Meryl Streep](#) and [Vanessa Williams](#). Ou ka jwenn anons lan nan YouTube [la](#).

“Touris se te yon pati santral nan siksè New York lontan, e avèk destinasyon klas mondyal ak atraksyon nan chak rejyon Eta nou an gen potansyèl pou kwasans san presedan nan lavni,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Ane pase, preske nèf milyon vizitè anplis te vini nan New York pase ane anvan, \$7.5 bilyon dola nan taks lokal ak eta te jenere, e nou espere preske \$60 milyon nan depans dirèk. Touris jwe yon wòl entegral nan ekonomi an, e nou pral kontinye travay nou pou asire ke li pwospere, kreye djòb, ak jenere nouvo opòtinite ekonomik pou eta nou an.”

Dezyèm somè touris nan Eta New York te òganize nan Mize Ameriken Istwa Natirèl nan Vil New York, twazyèm atraksyon famiyal ki pi vizite nan peyi a. Plizyè santèn espesyalis nan touris te rasanble pou diskite sou lide ak nouvo fason pou pote touris nan chak kwen nan eta. Kòm yon rezilta de sipò Gouvènè a nan touris nan 2013, endistri a te konnen yon ogmantasyon nan depans revni taks lokal ak eta, sou vizitè ak travay.

Nan 2013 endistri touris New York te jenere depans dirèk de \$59.2 bilyon dola, pwodui yon estimasyon de \$7.5 bilyon dola nan taks lokal ak eta. Kantite vizitè nan New York estime pou l ogmante pa 8.8 milyon e yo prevwa pou l fini nan 218.8 milyon vizitè nan 2013. Antanke katriyèm pi gwo sektè travay

Haitian Creole

nan New York, endistri touris la te egalman ajoute 28,500 djòb nan 2013 pou yon total de 832,500 djòb ak jenere plis pase \$17.96 bilyon dola nan salè. Sou chak 12 djòb nan New York gen youn ki gen rapò ak tourism.

Prezidan Devlopman Empire State, PDG & Komisyonè Kenneth Adams te deklare, “Endistri touris nan Eta New York te revitalize sou lidèchip Gouvènè Cuomo e kanpay I LOVE NY te reparèt. Somè jodia souliye enpak enkwayaj endistri touris la genyen sou kreyasyon travay ak revni e li ede patnè lokal ak eta nou yo kap travay san relach nan pwomote New York kòm pi gwo destinasyon.”

Anplis, somè a te bay yon opòtinite pou yon reyinyon mache biznis a biznis. Reyinyon an te entwodui manadjè pwodui, operatè tou, detayan ak gwo sis ki soti nan tout 11 rejyon nan eta pou pwomote atou touris nan zòn respektif yo. Yon estimasyon \$25 milyon dola yon valè potansyèl biznis te kreye nan somè a. Atelye travay ak sesyon pwogram adisyonèl pandan somè a te konsantre sou entènasyonal ak ekotouris epi ekspozisyon patnè endistri a pi bon pratik ak etid ka pou pi byen komèsyalize Eta New York a vizitè potansyèl yo.

Aprè diskisyon avèk ekspè nan zafè touris epi tandè enkyetid ak lide moun ki gen enterè nan touris lokal ak entènasyonal, Gouvènè a te anonse yon seri inisyativ ki deziyen pou bati sou siksè nan premye somè a ak ankouraje anplis Eta New York kòm kapital touris nan mond lan:

Nivo Finansman san parèy pou Touris: Gouvènè a te anonse ke Eta ta investi preske \$45 milyon dola nan finansman touris. Sa a se yon 50 pousan ogmantasyon nan finansman eta ane pase, e li bay New York youn nan pi gwo kanpay touris ki finanse pa eta-sèlman nan peyi a. Finansman sa se yon adisyon a plis pase \$104 milyon dola nan finansman kapital pou enfrastruktir touris ki te bay ane pase pou pwojè touris lokal ansanm avèk investisman nan state park, tankou Jones Beach ak Niagara Falls, ak etablisman Otorite Devlopman Olenpik Rejyonal.

Patenarya avèk NYC & Company: Patenarya sa a te ede devlope sansibilizasyon sou opòtinite sezon ki pa gen aktivite nan Vil New York nan lòt zòn yo nan eta. Travay avèk NYC & Company, pwogram I LOVE NEW YORK pral eksplore pati Nò ak Sid Eta sant dakèy konjwen vizitè, pataje rechèch ak done epi kolabore sou komèsyalizasyon entènasyonal.

Kanpay Komèsyalizasyon Touris, Entegre Konplè: Pote ansanm I LOVE NY, chemen atravè istwa ak pwogram Taste NY, Eta New York pral pwomote touris nan fason ki pi entegre ak konplè atravè Televizyon ak lòt medya, sou wout yo, nan tren, nan ayewopò, sou entènèt ak nan aparèy mobil yo. Sa a pral gen ladan plizyè milye nouvo siy sou wout yo, nouvo piblisite nan transpò piblik ak nan ayewopò, ak nouvo app touris ki te anonse nan somè a.

Gwoup Vwayaj nan NYS: Gouvènè a te anonse lansman yon nouvo inisyativ Gwoup NY love pou ogmante vwayaj an gwoup ak nan machin, reyinyon ak konvansyon toupatou nan Eta New York. Inisyativ la pral gen ladan yon prezans kowòdone nan tout eta nan ekspozisyon komèsyal lokal ak entènasyonal, ansanm avèk nouvo gwoup enfòmasyon ki disponib sou entènèt.

Transpò Aksè a Opòtinite Touris: Yon otobis I LOVE NY andeyò vil la pral pote touris soti nan Vil New York ak nan mache Kanadyen prensipal yo pis ski New York, diven ak brasri, ak aktivite spesyal nan Eta.

Aktivite Spesyal: I LOVE NEW YORK pral gen yon prezans nan aktivite spesyal enpòtan yo nan Eta nan 2014 pou akeri done kliyan yo, sipòte aktivite ki atire ak pwomote touris nan tout eta. Yon kalandriye konplè de aktivite yo ki pral prezante nan sit entènèt I LOVE NEW YORK.

Touris Mondyal: Gouvènè Cuomo te anonse I LOVE NEW YORK pral elaji mache mondyal li atravè plis reprezantasyon ak patenarya nan mache enpòtan yo tankou Ostrali ak lachin.

One Stop Shop pou stimile Travay Touris: Yon sit entènèt one-stop-shop pwogram fòmasyon ospitalite pral kreye pou konekte etidyan ki diplome yo a kalite pwogram sa yo avèk anplwayè nan endistri ospitalite a, sa ki pral kreye yon kilti ospitalite nan tout eta, amelyore eksperyans envite yo ak kreye travay.

Enfòm Destinasyon Devlopman: Yon analiz sou eka pral ede idantifye enfrastrikti enfòmatif touris ak difikilte ki nan mache a ak opòtinite, epi kreye yon plas pou investisman piblik ak prive nan sektè touris la.

Pwomote Touris anplennè: Lanse yon nouvo kanpay ki spesyalman vize pou pwomote touris anplennè sa ki gen ladan yon patenarya avèk Depatman Konsèvasyon ak Anviwonman Depatman Eta New York pou lanse lapèch ofisyèl Eta NY, app Lachas ak Lafon; Biwo Pak Rekreyasyon & Prezèvasyon Istorik avèk yon pwogram rabè kan byen bonè; ak yon patenarya avèk Pwopriyete sit kan NY yo sa ki pral reprezante I LOVE NEW YORK ki montre nan ekpozisyon RV nan tout peyi a.

Elaji Prezans Mobil: Bonè ane sa Eta New York te lanse yon sit entènèt ki fasil pou itilize I LOVENY.com. Jodia yon nouvo app mobil ki antyèman entegre I LOVE NY te lanse ki gen ladan enfòmasyon sou atraksyon rejyonal, aktivite, manje, planifikasyon avanti/vwayaj atravè yon fonksyon konsyèj ak koneksyon ak lòt aplikasyon ki gen rapò a touris eta. Ou kapab telechaje aplikasyon an [la](#) pou itilizatè iOS ak [la](#) pou itilizatè Android yo.

Mache NY: Finansman pou pwogram Market NY pral ogmante a \$12 milyon dola. Finansman sa a, ki te akòde atravè pwosesis konsèy devlopman ekonomik rejyonal, pèmèt atou touris nan eta pou pote amelyorasyon nesèsè brik ak mòtye ak deplwaye kanpay piblisite inovatif pou ogmante vizitè.

Majorite nan Sena Ko-lidè Kowalisyon an Jeff Klein te deklare, “Touris se yon gwo biznis nan Empire State, e lide ki te soti nan somè sa a pral kontinye kreye plizyè milye travay ki byen peye ak devlopman ekonomi nou an. Gouvènè a te etabli yon plan avèk swen kap devlope patenarya stratejik avèk sektè prive a ki pral ede transfòm chak kwen nan eta nou an. Makonnen avèk investisman istorik nou an nan nouvo finansman touris ak yon kanpay maketing premye plan, Eta New York pral kontinye kenbe stati l tankou yon destinasyon klas mondyal pou plizyè milyon vizitè nan tout mond lan.”

Prezidan Asanble Sheldon Silver te deklare, “Touris enpòtan pou byennèt ekonomik jeneral eta nou an -

kreye travay ak stimile biznis. E li pa yon sipriz paske nou gen anpil gwo atou la nan New York – soti nan pwent Long Island a North Country ak Niagara Falls, nou vrèman beni avèk bèl state park yo, yon atizaj briyan ak kominote kiltirèl, opòtinite espò ak rekreyasyon, gwo restoran ak bèl plaj. Asanble a fyè pou l sipòte yon finansman enpòtan nan touris paske randman pral vo lapènn, e mwen angaje pou travay avèk Gouvènè Cuomo ak endistri touris la pou fè New York youn nan pi bon plas pou viv ak vizite nan mond lan.”

Senatè Betty Little, Prezidan Afè Kiltirèl Sena, Touris, Komite Rekreyasyon & Park, te deklare, “Tout rejyon yo nan Eta New York gen yon bagay spesyal pou ofri. Si w fè piblisite pou li, 'yap vini, e lè yo fè l touris yo pral depanse lajan nan restoran, magazen ak boutik, estasyon gaz ak akomodasyon lannwit, ede biznis yo devlope ak jenere revni pou gouvènman lokal ak eta. Gouvènè Cuomo te tandè e li te travay avèk otorite touris ak biznis yo pou devlope yon estrateji konplè epi bay finansman pou asire ke li travay. Mwen pa gen dout nou pral wè plis moun renmen NY kòm yon rezilta.”

Senatè José M. Serrano te deklare, “Antan ke manm ki gen anpil tan nan Komite Sena sou zafè kiltirèl, Touris Park ak rekreyasyon, mwen etone sou pwogrè Eta New York te fè nan touris sou lidèchip Gouvènè Cuomo. Sektè atistik ak kiltirèl amelyore lavi nou e li bay opòtinite rekreyasyon ak edikasyonèl inonbrab, pandan egalman lap sèvi kòm yon gwo motè ekonomik pou kominote yo ki toupatou andeyò eta. Mwen aplodi tout patisipan yo pou angajman yo nan touris, e mwen kontan paske somè jodia te fèt nan distri sena mwen an, ki akeyi yon laj evantay destinasyon touris.”

Manm Asanble Margaret Markey, Prezidan Asanble Touris, Park, Art ak Komite Devlopman Espò, te deklare, “Grasa sipò enèjik Gouvènè Cuomo, Eta New York te lanse nouvo inisyativ imajinatif ki pote yon limye sou enpòtans endistri touris nan ekonomi eta ak ede asire elajisman kontinyèl li. Dezyèm Somè a bay yon opòtinite enpòtan pou konekte avèk ekspè nan endistri a pandan nap kontinye idantifye nouvo opòtinite pou mennen vizitè nan eta ak bay plis travay pou Nouyòkè yo.”

Manm Asanble John Ceretto, manm ki gen anpil tan nan Asanble Touris, Komite Devlopman Park, Espò, Art te deklare, “Touris se poto mitan ekonomi Eta New York—soti nan bèl panorama chit Niagara pase nan santye randone yo nan Adirondack, reyèlman gen yon bagay pou tout moun. Mwen kontan pou m fè patenarya avèk Gouvènè Cuomo ansanm avèk Kòlèg mwen yo nan lejislati a nan sipòte endistri touris vibran nou an, kap kreye travay ak kondwi aktivite ekonomik nan kominote yo toupatou nan Eta a. Keseswa ou te abite nan Eta New York pandan plizyè ane, oswa wap vizite pou premye fwa, mwen ankouraje tout moun pou soti epi eksplore Empire State tankou yo pat janm fè sa anvan.”

“Angajman Gouvènè a pou touris te literalman chanje jwèt la e lap kreye yon enpak ekonomik imedyà”, te deklare James McKenna, Prezidan Lake Placid CVB.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Haitian Creole